Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 30 (7534)
21 июль
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Аппараталъул данделъи



I8 июлалда анкьи-анкьие ахIулеб аппараталъулаб данделъи тIобитIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьенир гIахьаллъана администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби. Гьеб байбихьана арал хIалхьиялъул къоязда ГIашилтIа рохьоб тIобитIараб республикаялъулго авар мацIалъул учительзабазул ва МахIачхъалаялда тIобитIараб «Золотой Абрикос» Фестивалаздасан. БетIерас бихьизабухъего гьел ана гIуцIадго ва тIадегIанаб даражаялда.

Хадуб балагьана лъай кьеялъул учреждениязда цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул суалалъухъ. «ГьабсагIаталда кIвар кьезе кколел масъалаби ккола школал цIияб цIалул соналде хIадури ва хасалихълъиялде хIадурлъи. ГьабсагIаталдаса нахъего хал гьабизе ккола хасалиде хинлъиялъе ракулел жал хIадур ругищали»,-ян тIадчIей гьабуна ГI. НурмухIамадовас. Гьенибго гьес киналго районалъул школазда цIияб цIалул соналде бугеб хIадурлъиялъул хал гьабизе тIадкъана хIалтIухъабазда.

Данделъиялда гIахьаллъараз хIисаб кьуна арал данделъибазда рукIарал протоколалъулал тIадкъаял тIураялда хурхун. Ахиралда росабазул администрациязда гьарурал хIалтIабазул бицана Рихьуни росдал бетIер ГI. Жамалудиновас, ГIашилтIа росдал бетIер С. ГIалиевасги.

Киналъулго хIасилалги гьарулаго бетIерас жавабиязе тIадкъаял кьуна хасал суалазда хурхун

Проектал

## Районалда хIалтIизе буго гIолилазул проект



Унсоколо районалда хIалтIизе биччан буго уникалияб проект. Жакъа жиндирго хIалтIи байбихьана «Голос молодежи» абураб жамгIиябгун гIолилазул Советалъ. Гьелда гьоркьоре уна киналго муниципалитетазул школазул 9-II классаздаса 50 гIан цIалдохъан. Проект хIалтIизабулеб буго районалъул «Единая информационная служба» организациялъ, гьелъие квербакъулеб буго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.

(Ахир 4 гьумералда)

Школал

## РукIалиде ккезариялъул программа

Гьал къоязда районалъул администрациялда букIана муниципалитеталъул лъай кьеялъул учреждениязул нухмалъулел гIахьаллъараб данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна «Модернизация школьных систем образования на 2024 и 2025 годы» федералияб программаялъул хIакъалъулъ.

Гьеб программаялъулъ гIахьаллъизе материалал кьуна Унсоколо № I, Рихьуни, Зирани, ГIашилтIа, ХарачIи гьоркьохъел школаз ва ИштIибури, МокIсохъ гIаммаб лъай кьеялъул школаз.



ХIажат буго качественнияб къагIидаялъ цIезаризе РФялъул лъай кьеялъул Министерствалде конкурсалъулъ гIахьаллъиялъул рахъалъ кьолел заявкаби ва рекомендациял, РФялъул коммуналияб магIишаталъул ва бакIал раялъул министерствалде кьолел рекомендациялги.

«Нилъеца гьелъие чIезабураб заман гIадада биччазе бегьуларо, жиндир заманалда ва качественнияб къагIидаялъ цIезабе документация»,-ян тIадкъана ГI. МухIамадовичас иш тIаде кколезда.

«Гьеб ишалъе хIалтIаби тIадран унел руго. 7 школалъул цIех-рехазул актал нилъеца жанире кьуна, кьуна заключениялги школал аварияльулаб ахIвал-хIалалда гьечIин. Программаялде кколелщинал материалал ракIарана»,-ян бицана «УСЗН ва ЖКХялъул нач. А. ГIабдулхаликъовас.

Гьединго гьес тIадчIей гьабуна хадубккун киналго объектазул кьезе кколел проектниябгун сметнияб документация ва пачалихъияб экспертиза гьабизе кколин.

ГI. НурмухIамадовас А. ГIабдулхаликъовас да тIадкъана унеб бугеб хIалтIуда хадуб хъаравуллъи букIинабеянги.

# МацI гьечIони, гьечIо миллат!

(Авар мацIалъул Фестивалалдаса)



Цебеккунго лъазабун букIахъе I6-I7 июлалда нилъер районалъул ГIашилтIа рохьоре ракIарун рукIана республикаялъулго авар мацI ва гьезул миллат цIуниялъул ургъел бугел магIарулал. Гьеб тадбир Унсоколо тIобитIиялъе аслияб гIилла букIана араб соналда тIобитIараб гьединаб тадбиралда нилъер районалъул авар мацIалъул учительзабазул команда бергьин.

(Ахир 2 гьумералда)

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 30 (7534)
Хамиз
21 июль 2022 сон



Гьал къоязда МахIачхъалаялде Дагъистаналъул шейх АхIмад-хIажи-Афандихъе вачIун вукIана Россиялъул Верховный муфтий Тажудин ТIалхIат. ДандчIвай букIана регионалъул Муфтияталда. РухIиял церехъабаз дандрана диналда хурхун кIвар бугел суалал, лъазаруна цоцазул хIалбихьиял.

Ахиралда ТIалхIат Тажудиница орден кьуна Дагъистаналъул Муфтиясе халкъ рухIиябгун рацIцIалъиялъул нухде рачаралъухъ.



# МацI гьечIони, гьечIо миллат!

## (Авар мацIалъул Фестивалалдаса)

Бергьараз къабул гьаризе ккола бачIунеб соналъ аваристаналъул гьалбал ва гьединаб къагIидаялъ Дагъистаналда унеб буго авар мацI ва миллат цIуниялъул Ассоциациялъул нухмалъиялда хIаракатаб хIалтIи. Гьелъул председатель Баху МухIидиновалъе чанго суал кьуна дица тадбир байбихьилалде «Аби буго мацI гьечIони миллатги букIунарилан. Аварайлъунги йикIун авар мацI тIагIине рекIее къабуллъулеб гьечIо дие. Гьелъ тIамулей йиго дун нилъгоги тIагIинчIого рукIинелъун гьаб хIалтIи гьабизе. Бокьилаан лъималазда мацI малъулел учительзабаз, халкъалъулгун бухьен бугел информационниял алатаз Дагъистан, гьелъул мацIал, культура цIуниялъе кумек гьабуни,-ян жаваб кьуна дие гьелъ.

КIудияб адаб-хIурматалъе мустахIикъай йиго гьеб кIудияб захIмалъи жиндего босарай Баху МухIидинова. Гьелъие сахлъиги гьарулаго, ниж щвана ансадерица гьалбал къабул гьаризе гьабураб хIадурлъиялъул хал гьабизе.

Гьале гьалбадерие квен хIадурулел учительзаби, гьез хIадурулеб буго пулав, белъунеб буго гьан, лъун руго кваназе столал. Дагъаб добегIан бихьула кор ва гьениб цIоролъил ханждал чед бежулел. –Баракат лъеги, нужеда, кIудияб иш гьабулеб буго,-ян тIад ран кьурал дир суалазе ХIусенова Паримеседоца жаваб кьуна – ЛъикIаб ишалъе гьабулеб иш буго




гьудуллъи-вацлъи. Бокьилаан гьаб тадбир ахирисеблъун батунгутIизе, щайгурелъул нилъеца гьадинал тадбирал гIемер тIоритIани, ракIчIун абизе кIвела, цIунизе кIвезе буго нилъеда нилъерго мацI ва гIадатал».

Цере рахъарал коллективазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна ЧIарада районалъул коллективалъ. ХIакъикъаталдаги кутакалда магIарулллъиялъул чIаголъи бихьизабулеб церерахъин букIана гьезул. Коллективалъе Дагъистаналъул халкъияв поэт МухIамад Гунащевасул вас ХIажимурадица сайгъат гьабуна 50 000 гъурущ гIарац. КIудияв инсул кучIдул сценаялда цIалана гьесул лъималаз. Гьелъ кIудияб чIаголъи




гьаб. КIочонге абе нилъер умумазул тIагIамаб чед бежиги. ЦIунун хутIизе бокьун буго умумузул квенал.

Чед ансадерица бикьулеб буго тадбиралде рачIарал гьалбадерие. БухIилеб чедги цIияб хIанги, унго гьелъул букIараб лазат! Маг1арул бахъухъалде г1унт1ун х1адурун буго ансадерица тадбиралъе.

КъачIан буго тадбиралъе сцена, лъун руго столал, бакIал, магIарулаллъи бихьизабулел алатаз музеялъ гIадаб асар гьабулеб букIана гьеб къоялъ ракIазе. ХIадурун буго медхъулухъ, гьезул дежурниял сордо рогьинег1ан кьижич1ого г1адамазул сахлъи ц1униялда рук1ана. К1удибб баркала буго Г1. Мух1амадовалъе, жийгоги коллективги ч1ана гьелъул кумекалъе. БакI-бакIазда буго кечI-бакъан, кьурди, «чIахъаги магIарулал!»,-абураб ахIи...

Гьанибго бихьизабизе ккола; Фестиваль тIобитIиялъул ишалъулъ жигараб бутIа лъуна нилъер районалъул администрациялъги.

Азаргоялдаса цIикIкIун чи тIолалго Дагъистаналъул бакIаздаса гIахьаллъана гьеб къоялъ нилъер районалда тIобитIараб республикаялъулго авар мацIалъул учительзабазул Слеталда ва Фестивалалда. ГIадатлъун лъугьараб тадбир ана щивав гIахьалчиясул ва балагьизе рачIаразул ракIал разилъуледухъ, ахIана кучIдул, рукIана кьурдаби. Къокъго абуни I8 районалдаса къокъаби цере рахъана тIоцебесеб къоялъ. Гьезул церерахъиназе къимат кьезе гIуцIун букIана жюри. Церерахъиназул хIалтIи нухда бачана Генуб школалъул учительница Асият ГIабдулаевалъ, гьезул ясаз миллияб ретIелгун берцин гьабун букIана сценаги майданги. Сценаялде рахун кIалъана авар мацIгун адабият цIуниялде буссараб каламгун гIемерал общественниялгун политикиял хIаракатчагIи. Щивас кIвар буссинабуна ВатIанго гIадин мацIги, умумазул гIумро-яшав гьабиялъул къагIидабиги цIунизе хIажат бугин, аварал ратани гьеллъи тIагIине тезе бегьуларин.

Фестивалалъул тIоцебесеб къоялъул къасде росдалги шагьаралъулабги гIумро бихьизабураб спектакль бихьизабуна авар театралъул артистаз.

Фестивалалда гIахьаллъаразе салам кьун кIалъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов. Гьес абуна «Дун вохарав ва чIухIарав вуго жакъа Унсоколо районалде республикаялъул киналго бокIназдаса гьалгощинал авар мацIалъул мугIалимал ракIарун рукIиналдаса. ГьабсагIаталда нилъер халкъалъул аслияб масъала ккола нилъер умумаз бицунеб букIараб, нилъер рухIги жанги гIадаб мацI цIуни ва гьеб нилъер гIолеб гIелалъухъе - лъималазухъе кьей. Гьеб мурад тIубаялъе кIудияб кквербакъи гьабула гьадинал тадбираз, щула гьабула нилъедаго гьоркьоб



кьуна тадбиралъе. ТIасияб соналъ мацI цIунулезул тадбир тIобитIизе буго бергьаразул кIалалъ – ЧIарада. К1иабилеб бак1 гьоркьоб бикьана Лъарат1а, Хунзахъ районаз ва Хасавюрт шагьаралъ. Лъабабилеб бак1 щвана Болъихь, Шамиль районазе ва Мах1ачхъалаялъе.

У, мацIалги нилъгоги, миллатги цIуни аслияб масъалалъун чIун буго жакъа нилъеда цебе. Авар мацI цIуничIони, кIвезе гьечIо нилъеда авар миллат цIунизе, щай абуни гьаб буго авар миллаталъул мацI, эбелинсуца чIухIарал чагIилъун хIалаго гIурусалъги гаргадун, лъималазухъе кьечIони, чанго сонидасан биххизе рес буго авар миллат, жакъа гьелъул милат гьабичIого тани, нилъер наслу букIине рес буго чIелги, рук1елги гьечIеллъун. Дида бихьана тIагIине бегьулел 28 мацIалъул хъвараб документ, гьениб рикIкIалилъ лъабабилеб бак1алда буго авар мацIги. РачIа милат гьабизин нилъерго букIинеселъул!

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**



# О необходимости регистрации права собственности на объекты недвижимости

Государственная регистрация права на собственность является нормативно правовым актом подтверждения государством возникновения, перехода или прекращения прав на недвижимое имущество, которое означает, что до осуществления государственной регистрации права собственности на домовладение или земельный участок, владелец еще не является его собственником. В связи с этим, имуществом нельзя распорядиться (продать, подарить), такое имущество не подлежит включению в наследство, а также не будет являться совместно нажитым имуществом супругов (то есть при расторжении брака не подлежит разделу). Кроме того, в сложных финансовых условиях такое «неофициальное имущество» может стать и предметом афер и мошеннических действий недобросовестных лиц.



Недвижимое имущество, которое не состоит на государственном кадастровом учете и право собственности на которое не зарегистрировано, юридически можно считать не существующим. Поэтому лицо, которое им владеет, не вправе претендовать на получение каких-либо государственных или муниципальных услуг в связи с существованием строения. В том числе услуг по водоснабжению, содержанию дорог и др.

Нельзя не отметить и практически ежедневное изменение, и ужесточение законодательства. В частности, изменяются требования к техническому состоянию, которому должно соответствовать строение, порядок ввода его в эксплуатацию. При этом полученные разрешительные документы старого образца либо вообще неполученная разрешительная документация, может привести к ситуации, когда право собственности на построенный дом придется доказывать в суде.

Чтобы не попасть в подобную ситуацию собственникам строений, а также объектов незавершенного строительства необходимо зарегистрировать право своей собственности как можно скорей.

Для регистрации права собственности на жилой дом, земельный участок и другие капитальные строения необходимо обратиться в МФЦ района. Право собственности гражданина на объекты недвижимого имущества, которые созданы на земельном участке, предназначенном для ведения дачного хозяйства или садоводства, а также гаражи и иные объекты недвижимого имущества (например, баня, беседка, сарай, другие хозяйственные постройки) регистрируется в том же порядке, что и право собственности на объект индивидуального жилищного строительства.

Также обращаем внимание на то, что государственная регистрация прав на недвижимое имущество связанна с возникновением налогового правоотношения и основанием для уплаты налога, что напрямую влияет на экономический и социальный уровень жизни населения и развитее инфраструктуры. Доходы от налога на имущество физических лиц и земельного налога подлежат зачислению в бюджеты сельских поселений по нормативу 100 %.

# Выплаты многодетным семьям в 2022 году

Какие положены выплаты многодетным семьям в 2022 году: как получить и оформить компенсации, единовременные и ежемесячные пособия за рождение детей

Иногда мы слышим жалобы, что в России слабая социальная политика и недостаточная поддержка института семьи. Критика не всегда бывает конструктивной. Многие просто не знают про все обилие выплат и льгот, которые положены семья с детьми. Особые преференции есть у многодетных. Однако найти полный перечень всевозможных компенсаций, надбавок и льгот нелегко. Все потому, что за них отвечают разные инстанции. «Комсомолка» вместе с экспертом рассказывает обо всех причитающихся выплатах многодетным семьям в 2022 году и порядке их оформления.

Что нужно знать о выплатах многодетным семьям?

Какая семья считается многодетной
Какие положены
Как получить
Вопросы и ответы

**Какая семья считается многодетной**

В России нет единого критерия для определения многодетности семьи. Зачастую такой статус получают родители или опекуны, которые воспитывают трех и более детей. Хотя в регионах Крайнего Севера если у родителей есть определенный трудовой стаж, то хватит и двух детей. Но вот предельный возраст детей в такой семье отличается от региона к региону.

**Какие выплаты положены многодетным семьям**

В 2022 году существуют федеральные и региональные выплаты, пособия и льготы для многодетных семей. Региональные льготы и пособия, а также их размер, устанавливаются законами субъектов РФ. Что касается федеральных — они едины для всех. Сначала напомним о выплатах, которые положены всем за рождение ребенка, а затем перейдем конкретно к выплатам для многодетных семей



и особенностям их получения.

**Единовременное пособие при рождении ребенка**

В 2022 году оно составляет 18 886 рублей 32 копейки. Индексируется ежегодно.

Полагается не только многодетным. Выплачивается тому из родителей, кто официально трудоустроен. Если оба – приоритет у мамы.

Документы на выплату пособия — паспорт и свидетельство о рождении — нужно отнести в бухгалтерию своего предприятия.

Если оба родителя не работают, тогда несите документы в соцзащиту по месту жительства.

Также вам понадобятся справка о рождении по форме №24 органов ЗАГС (если брак зарегистрирован) или по форме №25 органов ЗАГС (если брак не зарегистрирован).

Нужно взять справку с места работы или учебы другого родителя, что такое пособие не назначалось.

Если в семье рождается более одного ребенка, то денежные средства выплачиваются на каждого малыша.

Ежемесячное пособие по уходу за ребенком до достижениям им полутора лет

Это 40% от среднего заработка за последние два года. Минимальный размер в 2022 году составляет 7 082 рубля 85 копеек.

Полагается не только многодетным. Как правило, оформляется вместе с отпуском по уходу за ребенком.

Документы подаются одним из работающих родителей в бухгалтерию предприятия.

Приложите копию свидетельства о рождении ребенка.

Нужна справка с места работы второго родителя, что он не получает это пособие.

Если один из родителей заболел и не может ухаживать за ребенком, то оформить пособие может второй родитель.

Если оба родителя не могут оформить пособие у работодателя, то нужно идти в соцзащиту по месту жительства.

## Поэзиялъул букIон

### 2022 – Ф. ГIалиевалъул сон

Халкъалъ къимат кьурай
Къадру цIикIкIарай,
Къварилъи ккаразе
Хьолбохъ ятарай.
Адабият цебе
ТIезе гьабизе
ТIолго рухIги-жанги
Жиндица кьурай.
Авар поэзия
Бечед гьабизе,
Гьунар цIикIкIаразул
Бакьулъ ятарай.
Даража кIудиял
Шапакъатал кьун,
Нилъер хIукуматалъ
КIодо гьаюрай.
Рузманалъул къоялъ
РухI босун арай,
Кьижа, Фазу, гьанже
Мун хIалхьиялда.

Дуца нахъе тараб
ГIумрооялъул лъалкI
ГIолеб гIел кантIизе
Нурлъун батана.



Хирияб хазина
Халкъалъе кьурай,
Алжаналъул нуцIби
Дуе рагьаги!

## ГIолилазе - малъа-хъваял

Дуда бер чIварабго
КIалал жирулел,
Жанисан махIцарал
«Борхьал» рикIкIад те!

ЖахIдаялъ рухIулел
ХIарамчагIазе,
ХIал лъазе биччаге
БетIер къулуге!

Бечелъул гогьлъарал
Гогьмабазулгун
Киданиги дуца
Гьудуллъи ккоге!

ГIарцуе хIалтIулел
ХIакимзабазе,
ХIелараб мацI бицун
Цере рахъунге!

Царал макруялъе
Махщел бугелгун

Воре, данде раге
Дурго пикраби!

Аллагь кIочон тарал
РишватчагIазул,
Чорокал ишазда
Мун бахиллъуге!

Дунялалъул рокьор
РугебгIан мехалъ
ЛъикIал гIамалалги
ГIодор рехуге!

Аллагьас тIад лъурал
Фарзал тIуразе
ТIад чIун жигар бахъе
Нахъ тIамичIого!

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ.**
**Россиялъул журналистазул ва хъвадарухъабазул Союзалъул член.**

## Районалда хIалтIизе буго гIолилазул проект

Республикаялда цойги гьединаб проект гьечIо. Гьелъ гIолилал ахIулел руго районалъул общественниябгун политикияб гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе, гьединго интересаб картина рагьиялдалъун район бихьизабизе.

Лъимал кIудияб гьираялда гьорлъе лъугьана гьеб ишалде, рахъулел руго къватIире кьезе ругел сюжетазул ва социалиял комиссиязул списокал, гьединго цIиял гIолилазулал проектал.

Проекталда гьоркьоре унел лъималазулгун гьал къоязда муниципалитеталъул администрациялда букIана дандчIвай. ГIолилаз гьабизесеб хIалтIуда хурхун кьуна суалал, рицана жидерго пикрабазул.

Нижеца ракI-ракIалъ бергьенлъаби гьарула цIияб проект бачунезе ва божарал руго гьезул гьаракь унгоунголъунги пайдаяб букIинин. Гьеб проект цойгидал муниципалитетазеги мисаллъун букIине бегьула.

Умумазул хIакъалъулъ

# Балахьуниса ГIадалав

БахIарчиял гIадамаздасан цояв вукIун вуго некIо заманалда Балахьуниса Мусал ГIадалавги. Гьесул инсул эмен Чончолавги вукIун вуго къвакIарав бахIарчи. Абигицин букIана некIо: «Ярагъ чаран гIадал, чу гьалакал Чончоласул болъе,-абун.

ГьитIинав чи вугеб мехалдаго ГIадалав вукIун вуго гIажаибаб хасияталъул, цо жоялде гьор лъе лъугьун хадуб гьелда тIаса вичIуларев чи. Гьесие рокьулел рукIун руго церегосел харбал, умумазул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ кучIдул, къисаби, назмаби. Гьеб кинабго абуни букIана ЦIоралде ва лъарагIлъиялде гьарулел рукIарал чабхъеназул хIакъалъулъ.

Жеги гьулакалда вукIаго ГIадаласе эбелалъ ахIулаан:

Гьвеги бачун,
Чедги босун,
ГIияхъеги витIила.
Чуги рекIун,
ЦIалги хьвагIун,
ЦIоралдеги витIила.
ЦIоралъул кар тIолеб ас,
Къукъаде чIахI чIвалеб ас.

Гьелъухъги гIенеккун ГIадаласул инсуца абулаан: «ЦIоралъул карални киназего тIола нилъеца, тIадагьо росун ханасе ханалги кьола нилъеца, ахир-къадги нилъго жанире руссине рукъзалги толаро ханас нилъее. Къукъабазе чIахIги чIвала нилъер лъималаз нилъедаса лъикI, къукъабиги тIутIун тIад руссун хадуб цIадаб чIвазе чIахIги щолароан нилъее ханас кьечIони». Гьеб букIана эркенлъиялъе гIоло къеркьеялде магIарулал ахIи.

Иргадулаб чабхъеналъ ЦIоралде арав ГIадаласул эмен тIад вуссун гьечIо. Гьесухъ магIу бахъигун, гIадаталда рекъон, магIирокъоб чIезабун букIанила чабхъадуласул ярагъги тIадгун гьесул чу. МагIилъ ахIулеб букIун буго:

БахIарчи чIванин абун
ЧIужу къороллъуларо.
Къороллъуда хутIана
Гьесул багIараб айгъир.
Гьесул ГIадалавали
Бесдалго хутIиларо,
Бесдаллъуда хутIана
БахIарчиясул ярагъ,-абун.

Гьединги ахIулаго ГIадаласул инсул меседгIарацалъ къачIараб ярагъ цоцахъеги бегьулеб букIун буго руччабаз ва гIодилаго рачIун чода къвалалги ралел рукIун руго гьез. БетIергьанчиясул цIар ахIанщинахъе хIихIидулаанила чу, гьелъул бадиса магIил гарал гирун рачIунел рукIанилан бицуна.

МагIилъ абухъе бахIарчиясул ярагъ бесдалго магIида далун хутIун гьечIо. Гьеб борчун буго 8 сон барав ГIадаласул черхалда ва рекIун чугун росдал годекIанибе гIолохъабалъе витIун вуго гьев эбелалъ. ГIадалас абулаанила гьеб къо дида даимгоялъе ракIалда хутIанилан. Чода кьили чIван бажарулев гIолохъанчи гIелалдего ГIадалав гIадамалгун чадахъ ЦIоралде чабхъаде ине къачIан вуго.

Рокъой эбел къварилъахьдун йиго къватIивехун унгеян, къватIир инсул яцал гIодун руго сапаралъ вахъунгеян. Гьез абулеб букIун буго: «К1варичIо, ГIадалав, дуе гьеб чабхъен. Чабхъад вукIунлъидал дуе эмен камурав. Бакьангуро, дир вас, цIоралъул давла, давла сабаблъунин дур вацалги вацгIалзабиги дора хутIарал»,-абун.

Нахъеги абулеб букIун буго: «Хундерил ханасе давла щун, бодул церехъабазе хвалил гIажал щун, щибго рахъи гьечIеб рагъде вахъине, вореги ГIадалав, гIедегIуге мун», «ГIангурал тIаделъун тIетIезе гурин, тIавап гьабизецин гIечIел дур куркьбал». КигIанго дир дуде божилъи букIаниги, гIечIого мун рагъде вахъине жив къабулав гьечIилан къвакIун лъазабунила инсухъа херав чияс. Гьес абунила:

- ГIужалде вахиналде болъеги вахъун, дуда ккараб рогьо гьечIогури нилъер тухумалда!,-абун.

Гьел рагIабаздаса хадуб кигIанго бокьичIониги чодаса гьоркье рештIине ккана ГIадалав, тIилги босун вехьлъи гьабизе магIарде ана гьев. ГIияда хадув вукIун гIемерал гохIалги щобалги регана ГIадалас. Вехьлъи гьабизе гьунар букIун буго гьесул. Кида бокьаниги кьараго чIезабун букIунаанила гIи. Гьесул гIи цIунизего кколареб букIун буго, цIогьор вачIун, гьесда гIиялъа жо бикъизе кIолареб букIун буго, ГIадаласул согIаб гIамал лъан. Кивехун гIигун вукIаниги, бакъанитIа чолонибе гIиги ккезабун, кваназе къасде росулъе вачIунаанила гьев. Кванан вахъаравго, рекIелгъеялъе абун, гIияхъеги унев вукIун вуго.

ГIадалав вукIун вуго ракI цIодорав, тириявги тулакавги чи. Гьелъие гьев ругьунлъулев вукIун вуго цIакъго гIадатто. Къад магIарда гIигун вугеб мехалда гьес бахараб харилъе рек-рекун тIилал хьвагIун толел рукIун руго. Къасде абуни, кинаб букIаниги гьавабакъалъухъ балагьичIого, гьев унев вукIун вуго гьел тIилал ралагьун хьвадизе ва гьел ратичIого тIад вуссуневги вукIун гьечIо. Нагагь гьездаса цо-кIигониги камун, кодобе щвечIого хутIун батани, гьеб квеш букIун, кваначIого чIолев вукIун вуго. ГIияхъеги нахъеги лъелго хьвадулелъул гьес кидаго цадахъ чол кьили босулеб букIун буго. Гьелда тIадеги, рии-хасел батIалъи гьабичIого, тIад ретIун тIимугъун яги сагулаги нахъа чIван, чу бекерулеб манзилалда векерулевги вукIун вуго.

Хонжрол мацIги ракьулъ къазабун, гIужие гьебги гьун, туманкI речIчIун, хонжрол баладаги щвезабун гулла кIихIи бащадго къотIулеб букIун буго. ЧотIахъанги вукIун вуго ГIадалав гьунар бугев. Чода рекIун унаго гьеса гулла щвезабизе лъугьин, гьеб гIададисеб букIун буго. ТуманкIул кIалдиса цIа пирхилалде чодул магьдикье унев вукIун вуго гьев. Жинцаго абуни чода рекIун унаго кIудияб махщалида кьабулеб букIун буго хвалчен.

…Жеги гIечIев чи вукIаниги ГIадаласда рекIеда унтулаан, гIолохъабиги чабхъан ун, живго росулъ хутIи.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 20. 7. 2022 г. 16. 20
фактически -12. 20 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.